



LOJMAN SEKIRIZE POU RESKAPE VYOLANS DOMESTIK AK VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS

Kisa HOME+ ye?

Yon pwogram gratis nan nivo vil la **Biwo Majistra pou Elimine Vyolans Domestik ak Vyolans ki baze sou Sèks (Mayor's Office to End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV)** mete sou pye pou ede reskape vyolans domestik (domestic violence, DV) ak reskape vyolans ki baze sou sèks (gender-based violence, GBV) rete an sekirite lakay yo, nan ba yo:

- Sistèm alam k ap pèmèt yo rele mande èd anndan kay la si yon moun ki vle abize yo mennase sekirite yo
- Sèvis chanjman ak reparasyon seri pou pòt ak fenèt
- Sibvansyon finansman fleksib pou ede kouvri depans nesès pou fè antretyen ak sekirize lojman an

Tout patisipan nan **Home+** yo konekte ak yon seri sèvis sipò siplemantè, tankou jesyon dosye ak planifikasyon sekirite atravè òganizasyon kominotè ki gen kontra pou sa.

***Oparavan Home+ te rele Lòt Opsyon pou jwenn Abri (Alternatives to Shelter).**

Ki moun ki kalifye?

- Reskape oswa viktim DV epi/oswaGBV k ap viv nan Vil New York, yo pa rekòmande okenn dokiman oswa òdonans pwoteksyon pou pwouve estati w kòm yon reskape oswa viktim DV epi/oswa GBV.
- **Founisè Home+ yo ap fè yon evalyasyon pou detèmine elijiblite chak moun. Yo bay tout sèvis yo selon disponiblite chak moun.**
- Finansman Fleksib: revni an dwe pi ba oswa egal a 300% oswa mwens selon Gid Povrete 2024 la.
- Antesedan kredi pou konsomasyon w, antesedan kriminel ou epi/oswa estati imigrasyon w **pa p** gen enpak sou elijiblite w pou w jwenn sèvis **Home+** yo.

*Sipò Adisyonèl:

- Rele nan 311 oswa Visite Sant Jistis Familyal (Family Justice Center, FJC) Vil New York la nan minisipalite kote ou abite a (oswa yon kote ou santi ou plis an sekirite), Soti Lendi pou rive Vandredi ant 9:00 nan maten. ak 5:00 nan apre-midi. pou kreye yon plan konplè pou sekirite w epi diskite sou opsyon yo ak yon responsab dosye.
- Rele Liy Dirèk Vil la 24è sou 24 pou Vyolans Domestik la nan 800-621 HOPE (4673) 24 sou 24 pou planifikasyon sekirite touswit ak èd pou jwenn abri.
- Chache sèvis nan men founisè kominotè yo atravè Repètwa Resous NYC HOPE la nan www.nyc.gov/NYCHOPE.
- Si ou an danje imedyata oswa si w vle rapòte yon krim rele oswa ekri 911. T anpri sonje, sa ap fè NYPD reyaji.

Kijan pou m kontakte Home+?

BROOKLYN: WOUT POU JWENN ÈD

Lè fonksyònman: 9è nan maten jiska 5è nan apre midi, Soti Lendi pou rive Vandredi
Liy èd: 718-922-7980
homeplus@helpusa.org

BRONX: Pwogram Entèvansyon kont Vyolans (Violence Intervention Program, VIP)

Lè fonksyònman: 9è nan maten jiska 11è nan maten, Soti Lendi pou rive Vandredi
Liy èd: 1-800-664-5880
homeplusteam@vipmujeres.org

QUEENS: Fanm (Womankind)

Lè fonksyònman: 9è nan maten jiska 7è nan apre midi, Soti Lendi pou rive Vandredi
Liy èd: 1-888-888-7702
Mesaj tèks: 929-207-5907

MANHATTAN:

Rising Ground: Rising Ground Paths To Healing (Chemen Pou Jwen Gerizon)

Lè fonksyònman: 9è nan maten jiska 6è nan ape miidi, Soti Lendi pou rive Vandredi
Liy èd: 1-877-783-7794
stepshelpline@risingground.org

STATEN ISLAND: Asosyasyon Maren pou Timoun ak Fanmi yo

Lè fonksyònman: 9è nan maten jiska 5è nan apre midi, Soti Lendi pou rive Vandredi
Liy èd: 718-447-7740 x4792 (24/7)
homeplus@seamenssociety.org